



## **Lèt Egzekisyon De Novo sou Dwa pou gen yon Avi Tradiksyon pou Odyans**

Si ou genyen nenpòt kesyon sou lèt la ou resevwa, ou kapab rele Biwo pou Sèvis Timoun ak Fanmi yo nan Eta New York (Office of Children and Family Services, OCFS) la nan 518-474-9454 epi mande operatè an pou pale ak Inite Verifikasyon Biwo Santral la.

Enfòmasyon pou responsab gadri yo sou kijan pou fè demann yon odyans an repons ak yon lèt refi wòl anplwaye/volontè oswa yon lèt refi aplikasyon pou egzanpsyon legal oswa yon lèt refi wòl:

- Si ou resevwa yon **lèt ki refize wòl ou antanke yo anplwaye oswa volontè nan yon gadri ki otorize oswa anrejistre**, sou baz yon kondanasyon penal diskresyonè, ou genyen dwa pou benefisye yon revizyon/odyans de novo. Ou dwe fè demann pou revizyon an nan **30 jou** oplita apre ou fin resevwa lèt la. Ou kapab chwazi pou revizyon an fèt grasa prezantasyon dokiman alekri devan yon ofisye odyans, oswa pou yo tande ou fas-a-fas nan yon odyans administratif devan yon ofisye odyans, oswa nan konferans videyo nan yon odyans administratif devan yon ofisye odyans, si li disponib yon fason rezonab. Voye lèt demann revizyon/odyans de novo ou an, nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou an nan Biwo Odyans Espesyal yo (Bureau of Special Hearings) nan adrès ki pi ba an.
- Si ou resevwa yon **lèt ki refize premye demann ou an oswa yon demann reyenskripsyon nan yon gadri ki gen yon egzanpsyon legal**, sou baz yon kondanasyon penal diskresyonè, ou genyen dwa pou benefisye yon revizyon/odyans de novo. Ou dwe fè demann pou revizyon an nan **30 jou** oplita apre ou fin resevwa lèt la. Ou kapab chwazi pou revizyon an fèt grasa prezantasyon dokiman alekri devan yon ofisye odyans, oswa pou yo tande ou fas-a-fas nan yon odyans administratif devan yon ofisye odyans, oswa nan konferans videyo nan yon odyans administratif devan yon ofisye odyans, si li disponib yon fason rezonab. Voye lèt demann revizyon/odyans de novo ou an, nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou an nan Biwo Odyans Espesyal yo (Bureau of Special Hearings) nan adrès ki pi ba an.
- Si ou resevwa yon **lèt ki refize oswa anile fonksyon ou antanke yo anplwaye oswa volontè nan yon gadri ki legalman soumèt ak otorizasyon**, sou baz yon kondanasyon penal diskresyonè, ou genyen dwa pou benefisye yon revizyon/odyans de novo. Ou dwe fè demann pou revizyon an nan **30 jou** oplita apre ou fin resevwa lèt la. Ou kapab chwazi pou revizyon an fèt grasa prezantasyon dokiman alekri devan yon ofisye odyans, oswa pou yo tande ou fas-a-fas nan yon odyans administratif devan yon ofisye odyans oswa nan konferans videyo nan yon odyans administratif devan yon ofisye odyans, si li disponib yon fason rezonab. Voye lèt demann revizyon/odyans de novo ou an, nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou an nan Biwo Odyans Espesyal yo (Bureau of Special Hearings) nan adrès ki pi ba an.

**Ms. Beth Mancini**  
**Bureau of Special Hearings**  
**New York State Office of Children and Family Services**  
**52 Washington Street**  
**Rensselaer, NY 12144**